



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 2 MILYA DOLA PARYAJ PANDAN 30 PREMYE JOU PARYAJ ESPÒTIF MOBIL YO

***Yon siksè rekò jenere plis pase 70 milyon dola resèt fiskal kote apeprè tout ale nan edikasyon; Espò pou jèn ak pwoblèm je aza te benefisye tou***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman reyisi paryaj espòtif mobil nan Eta New York, ak apeprè 2 milya dola paryaj yo te pran pandan 30 premye jou operasyon an. Siksè rekò sa, plis pase nenpòt lòt eta te repòte, ap jenere plis pase 70 milyon dola nan resèt fiskal pou Eta New York, k ap bay finansman pou atribye nan pwogram ki sipòte edikasyon, espò pou jèn ak plis toujou.

"Pandan mwa ki pase yo, nou te wè kijan paryaj mobil ka yon motè ekonmik pou New York, k ap rale finansman pou lekòl nou yo, espò pou jèn, ak plis toujou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan endistri sa kontinye ap grandi, New York ap asire ke nou gen resous ak enstriksyon anplas pou fè l vin yon siksè pou tout moun."

Paryaj espòtif mobil te kòmanse nan Eta New York, nan dat 8 janvyè 2022; depi lè sa, yo te pran plis pase 1.98 milyon dola paryaj nan New York. Revni Bri Total sou Je Aza a te plis pase 138 milyon dola, epi, nan yon pousantaj taks 51% pou Eta a, paryaj sa yo te pote plis pase 70.6 milyon dola nan resèt fiskal. Dapre lwa Eta a, resèt fiskal sektè parayaj espòtif mobil la jenere a nesèsè pou ale nan edikasyon elemantè ak segondè, sibvansyon pou pwogramasyon espò pou jèn, soulajman taks sou pwopriyete, ak prevansyon pwoblèm je aza, sèvis trètman ak rekiperasyon.

Lane pase, Gouvènè Hochul te mande Komisyon Jwèt Eta New York la (New York State Gaming Commission) prepare pou lansman paryaj espòtif mobil, ke lejislati a te otorize anvan, lè li te angaje lisans konpayi yo pou ranpli egzijans règlemantè yo pou kòmanse operasyon nan Eta New York. Apwòch sa ap paryè Nouyòkè yo nan New York, olye rezidan Eta a vwayaje pou ale nan eta vwazen yo pou parye.

**Direktè Egzekitif Komisyon Jwèt la, Robert Williams, te deklare,** "Ak Gouvènè Hochul k ap lanse paryaj espòtif mobil nan dat 8 janvyè a, pa gen dout gen enterè ki solid nan paryaj espòtif anliy lan nan Empire State la, ki te atenn yon rekò nasyonal nan resèt fiskal."

**Komisè OASAS, Chinazo Cunningham, te deklare,** "OASAS angaje pou asire ke moun ak fanmi ki bezwen èd pou pwoblèm jwèt aza yo gen aksè nan tout sipò ak resous ki disponib nan Eta nou an. Revni ki soti nan lansman paryaj espòtif mobil yo ap bay sipò finansye ki nesèsè pou prevansyon pwoblèm je aza, sèvis trètman ak rekiperasyon."

**Senatè Eta a, Joseph Addabbo Jr. te deklare,** "Lè nou te pote paryaj espòtif mobil la nan New York, nou te gen konfyans ke li ta pral yon siksè, men pou te rive nan rekò nasyonal kantite total pou paryaj espòtif nan yon sèl mwa, premye mwa nou, avèk prensipalman sèlman sis pari espòtif, alafwa gratifyan epi pwomèt. Lè nou atenn nivo rekò sa, sa pwouve ke New York pare pou paryaj espòtif mobil epi n ap bay eta nou an yon nouvo revni enpòtan, sous finansman edikasyon ak adiksyon. Li ka ba nou yon endis tou sou kote nou prale apati kote nou ye a, k ap soutni yon fondman solid, espesyalman ak Super Bowl ak March Madness k ap rive sou nou. Avni an briyan anpil pou paryaj espòtif mobil la nan New York!"

**Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare,** "Ak jeyson plis pase 1 milya dola nan paryaj espòtif mobil nan premye mwa a, Eta New York sou bon wout pou vin kapital paryaj espòtif nan mond lan. Mwen kontan ke Komisyon Jwèt la te jere rapidman pou jwenn detèminasyon operatè yo anplas de semèn anvan sa ki te prevwa a."

Nan dat 6 janvyè 2022, Komisyon an te otorize kat platfòm ak operatè - Caesars, DraftKings, FanDuel, ak Rush Street Interactive - pou kòmanse operasyon yo ki anviyè nan dat 8 janvyè 2022. Depi lè sa, 3 lòt operatè te kòmanse operasyon yo - Bet MGM, Points Bet ak Wynn Interactive. Tout gwo operatè nan Etazite te enkli nan òf ki te soumèt yo kote yo te chwazi 8 platfòm ak 9 operatè.

Dapre GeoComply, yon antrepriz lojisyèl pari spòtif yo itilize pou asire egzijans jeolokalizasyon yo, plis pase 1.76 milyon kont jwè inik te itilize pou plis pase 187 milyon tranzaksyon. Geolocation fèt sou yon baz kontini pou asire ke kliyan yo sitiye nan limit eta New York lè y ap fè paryaj yo.

Pou Ane Fiskal 2022 a (8 janvyè 2022 - 31 mas 2022), 98% nan taks eta a te enpoze sou paryaj espòtif mobil yo ap finance edikasyon, 1% taks eta a ap finance pwogram espò pou jèn ki defavorize yo epi 1% nan taks eta a ap finance edikasyon ak trètman pwoblèm je aza. Tout revni sou frè lisans yo ale nan edikasyon. Plan Finansye Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2023 a pwojete 249 milyon dola resèt, ki enkli 200 milyon dola ki deja kolekte sou frè lisans nan Ane Fiskal 2022 a, 357 milyon dola nan Ane Fiskal 2023 a, 465 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 la, 493 milyon dola nan Ane Fiskal 2025 lan, 509 milyon dola nan Ane Fiskal 2026 la, ak 518 milyon dola nan Ane Fiskal 2027 la. Apati Ane Fiskal 2023 a, 6 milyon dola prale nan pwogram pou abòde pwoblèm je aza, 5 milyon dola prale pou pwogram sibvansyon espò pou jèn nan tout eta a, epi rès kòb la prale nan edikasyon.

Paryaj yo genyen ladan yo plis pase 600 milyon dola sou foutbòl, plis pase 540 milyon dola sou baskètbòl ak apeprè 80 milyon dola sou hockey. W ap jwenn chif Super Bowl

yè yo k ap antre nan Rapò Paryaj Espòtif Mobil pa semèn nan, ke yo mete ajou le vandredi, [isit la](#).

Komisyon an te mete anplas règleman ki egzije operatè yo anpeche je aza pou moun ki pako gen laj yo, bay moun k ap parye yo disponiblite pou enpoze limit pou depans, epi bay enfòmasyon sou risk ki asosye ak je aza ak siy pwoblèm je aza. Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk adiksyon nan je aza yo, oswa ki konnen yon moun ki genyen, ka jwenn èd lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo voye mesaj tèks bay HOPENY (467369).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)